W AP TANN REZILTA TÈS OU YO? MEN SA OU TA DWE FÈ.

SI OU MALAD:

- Rete lakay ou epi rete lwen lòt moun, ak bèt domestik yo tou.
  - » Rete poukont ou nan yon chanm prive. Itilize yon saldeben prive, si posib.
  - » Tout moun k ap viv nan kay ou an dwe rete lakay tou.
- Fè yon lis moun ou te bò kote yo dènyèman epi prepare w pou pataje lis sa a avèk yon retrasè kontak, ki pral kontakte w nan kat jou si tès ou an pozitif pou KOVID-19.
- Pa ale nan yon lopital sof si ou genyen yon ijans medikal.
- Si sentòm ou yo vin pi grav, kontakte founisè swen sante ou an touswit pou aprann sa ou ta dwe fè.

SI OU PA MALAD MEN OU TE BÒ KOTE YON MOUN KI TE TESTE POZITIF POU KOVID-19:

- Rete lakay ou pandan 14 jou epi rete lwen lòt moun, ak bèt domestik yo tou, menm si ou pa genyen sentòm epi ou teste negatif.
  - » Rete poukont ou nan yon chanm prive. Itilize yon saldeben prive, si posib.
  - » Rete omwen 6 pye (2 mèt) lwen lòt moun, lave men w souvan, epi mete yon pwoteksyon pou vizaj lè ou bò kote lòt ki viv avèk ou.
  - » Rete lwen moun ki genyen gwo risk pou tonbe malad ak KOVID-19.
- Kontwole sante w. Verifye tanperati w omwen de fwa pa jou epi kontwole sentòm yo, sa ki genyen ladan yon lafyèv ki piplis pase 100.4, tous oswa souf kout, yon doulè nan gòj, doulè nan misk, fatig, frison, trableman ak frison, ak pèt odè oswa gou.
- Si ou devlope sentòm, kontakte founisè swen sante ou an touswit pou dekouvri sa ou ta dwe fè.
- Si ou pa devlope sentòm, kontinye rete lakay ou pandan tout 14 jou yo — ou kapab rann lòt moun malad.

SI OU PA MALAD EPI OU PA TE BÒ KOTE MOUN KI GENYEN KOVID-19:

OU KAPAB TOUJOU DEVLOPE SENTÒM YO, KIDONK ASIRE W KE OU KONTWOLE TÈT OU POU NENPÒT CHANJMAN NAN SANTE W.

KIJAN POU JWENN REZILTA TÈS OU YO:

OU KA JWENN AKSÈ NAN REZILTA TÈS OU YO:

- Pa imèl, telefòn oswa mesaj tèks nan twa jska senk jou ouvrab, si ou te bay yon adrès imèl ak yon nimewo telefòn lè ou te fè tès la.
- Atravè HealthCheck Connect (pou rezilta ki diferan de rezilta pou minè yo), ki founi pa Rezon Enfòmasyon Sante Delaware a (Delaware Health Information Network, DHIN). Enskri nan mydhinphr.com epi swiv enstriksyon ou resevwa sou sit tès la. Itilize opsyon sila a si ou vle yon kopi enrpime konsènan rezilta ou yo.

ITILIZE ETAP SA YO SI OU PA RESEVWA REZILTA OU YO NAN SENK JOU OUVRAB:

- » Si ou te fè tès nan yon sit tès kominote Curative la, voye yon imèl bay support@curative.com oswa rele 888-702-9042.
- » Si ou te fè tès nan Walgreens oswa nan yon klinik sante piblik, rele DPH nan 1-866-408-1899 oswa voye yon imèl bay DPHCall@delaware.gov. Mete dat nesans ou, dat tès la, ak kote ou te fè tès la nenpòt lè ou kontakte DPH. Rezilta pa imèl yo nan Walgreens oswa yon klinik DPH nan PDSLdonotreply@labware.com.

PA RELE JISKA SENK JOU OUVRAB APRÈ TÈS OU AN.

PA RELE FAMASI A OSWA SANT SÈVIS ETA A POU REZILTA TÈS OU YO. YO P AP GENYEN OKENN LÒT ENFÒMASYON POU OU.

SI OU TESTE POZITIF:

- Rete lakay ou epi rete lwen lòt moun, ak bèt domestik yo tou.
  - » Rete poukont ou nan yon chanm prive. Itilize yon saldeben prive, si posib.
  - » Tout moun k ap viv nan kay ou an dwe rete lakay tou.
- Fè yon lis moun ou te bò kote yo dènyèman epi prepare w pou pataje lis sa a avèk yon retrasè kontak, ki pral kontakte w nan kat jou.
- Pa ale nan yon lopital sof si ou genyen yon ijans medikal.
- Si ou pa malad kontwole sentòm yo, sa ki genyen ladan yon lafyèv ki piplis pase 100.4, tous oswa souf kout, yon doulè nan gòj, doulè nan misk, fatig, frison, tableman ak frison, ak pèt odè oswa gou.
- Si ou devlope sentòm, ou ta dwe rete veyatif pandan 14 jou aprè yo disparèt, pou asire w ke yo pa tounen ankò.
- Si sentòm yo vin pi grav, kontakte founisè swen sante ou an pou dekouvri sa ou ta dwe fè. Si ou bezwen swen an ijans rele 9-1-1 epi fè operatè a konnen kote w ye epi ou nan oto-izòlman akoz KOVID-19 la.

SI OU TESTE NEGATIF:

- Si ou konnen ou te bò kote yon moun ki te teste pozitif pou KOVID-19:
  - » Ou ta dwe toujou rete lakay ou pandan 14 jou aprè ou te fin ekspoze.
  - » Lè ou teste negatif sa pa vle di ou pral vin malad pi devan.
  - » Ou kapab pa te enfekte nan moman yo te pran echantiyon ou an, oswa li posib li te twò bonè nan enfeksyon ou an epi ou ka teste pozitif apresa.
- Si ou pa te bò kote okenn moun ki te teste pozitif pou KOVID-19, epi ou pa genyen sentòm, ou pa bezwen izole tèt ou epi ou pa bezwen rete lwen lòt moun. Men ou ta dwe kontinye mete yon pwoteksyon pou vizaj, lave men w souvan, epi pratike distans sosyal.
- Si ou malad epi ou teste pozitif, sa ka rive ou genyen yon lòt enfeksyon respiratwa. Evite anviwònman an gwoup yo jiska 24 èdtan aprè lafyèv ou an pase (san medikaman pou redwi lafyèv) epi sentòm ou yo kòmanse amelyore.

PWOTEJE TÈT OU – REDWI PWOPAGASYON AN

Fès tès keseswa ou genyen sentòm oswa ou pa genyen sentòm | **Mete yon kouvèti pou vizaj an piblik** | **Kenbe distans sosyal** | **Pratike bon ijyèn men** | **Touse oswa estènye nan koudbra ou** | **Rete lakay si ou malad** | **Netwaye sifas ou toujou itilize yo souvan**

Sentòm: lafyèv, tous, souf kout, doulè nan gòj, doulè nan misk, fatig, frison, tranble ak frison, pèt odè oswa gou

OU GENYEN KESYON KONSÈNAN KOVID-19?

Vizite de.gov/coronavirus oswa rele Delaware 2-1-1 oswa 1-800-560-3372. Moun ki soud oswa ki tande di ka voye zipkòd yo bay 898-211.

GENYEN ÈD KI DISPONIB.

2·1·1

Kontakte Delaware 2-1-1 pandan w ap rele 2-1-1 oswa pandan w ap voye zipkòd ou bay 898-211.

de.gov/coronavirus